दिन– रविवार दिनांक–22.06.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

अमरीकाक राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रम्प कहलनि अछि जे ईरानक फोर्डो सहित तीन परमाणु ठिकाना पर सफल हमला कयल गेल अछि। राष्ट्रपति ट्रम्प सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि जे अमरीका ईरानक फोर्डो, नतांज आ इस्फहान परमाणु ठिकाना पर हवाई हमला कयलक आ सभ विमान ईरानक वायु सीमा सँ बाहर आबि गेल अछि। एम्हर, ईरान अपन परमाणु ठिकाना पर अमरीकी सैन्य हमलाक कड़गर निंदा कयलक अछि आओर एकरा अंतर्राष्ट्रीय कानून आ संयुक्त राष्ट्र चार्टर के उलंघन जनौलक अछि। ईरान दावा कयलक जे अमरीका हुनक ओहि शांतिपूर्ण परमाणु ठिकाना सभ पर हमला कयलक, जे अंतराष्ट्रीय परमाणु ऊर्जा एजेंसीक निगरानी मे छल।

---

राष्ट्रीय अन्वेषण अभिकरण– एनआईए के पहलगाम आतंकी हमलाक घटना मे एक पैघ सफलता मिलल अछि। एजेंसी हमला मे शामिल आतंकी सभ के शरण देबाक आरोप मे जम्मू– कश्मीरक बटकोट आ पहलगामक हिलपार्क इलाका सँ दू गोटे के गिरफ्तार कयलक अछि। एनआईए कहलक अछि जे ई दुनू गोटे हमला मे शामिल तीन हथियारबंद आतंकी सभ के पहचान उजागर कयलक अछि। एजेंसी जनौलक जे सभ आतंकी पाकिस्तानी नागरिक छल आ आतंकी गुट लश्कर–ए–तैयबा सँ संबद्ध छल।

---

सीतामढ़ी जिलाक पुनौरा धाम मे बनयबला माता सीताक भव्य मंदिरक डिजाईन तैयार कऽ लेल गेल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ सोशल मीडिया पोस्ट मे माता सीताक जन्मस्थली पुनौरा धाम मंदिर आ एहि सँ जुड़ल अन्य संरचनाक डिजाईन तैयार होयबाक जानकारी साझा कयलनि अछि। श्री कुमार पोस्ट मे कहलनि अछि जे माँ जानकीक भव्य मंदिरक निर्माण बिहारवासी लेल गौरव आ सौभाग्यक गप अछि। ओ जनौलनि जे मंदिर निर्माणक लेल एक ट्रस्टक गठन कऽ देल गेल अछि। ध्यातव्य अछि जे पछिला वर्ष नवंबर मे राज्य कैबिनेट पुनौरा धाम मंदिरक लऽग पास पर्यटकीय विकास आ आधारभूत संरचना निर्माणक लेल पचास एकड़ सँ बेसी भूमि के अधिग्रहणक प्रशासनिक स्वीकृति देने छल।

———————————————————————————

राज्य सरकार कहलक अछि जे जीविका परियोना सँ जुड़ल स्वयं सहायता समूह सभ कँ तीन लाख टाका सँ बेसी के बैंक ऋण पर आब सिर्फ सात प्रतिशत ब्याज देबय पड़त। ई जनतब मुख्यमंत्री नीतीश कुमार देलनि अछि। एखन ब्याजक ई दर दस प्रतिशत अछि। श्री कुमार महिला संवाद कार्यक्रमक समीक्षा बैसक के दरमियान महिला कल्याण सँ जुड़ल चारि आन घोषणा सेहो कयलनि। मुख्यमंत्री कहलनि जे लड़की के विवाह कार्यक्रम आयोजन मे सुविधा लेल सभ पंचायत मे विवाह भवन बनायल जायत, जकर संचालन जीविका दीदी करतीह। एकर संगहि, जीविका सँ जुड़ल सभ कर्मी लोकनिक मानदेय दुगुना करब, प्रखंड स्तर पर सरकारी संस्थान सभ मे दीदीक रसोई के संचालनक अधिकार जीविका दीदी सभ कँ देबाक निर्णय कयल गेल अछि। ओतहि, जाति गणना मे चिन्हित चौरानवे लाख गरीब परिवार सभ कँ दू–दू लाख टाका देल जायत। मुख्यमंत्री कहलनि जे एक लाख टाकाक राशि सीधा एहि लाभार्थी सभ कँ देल जायत।

———————————————————————————

उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि अछि जे राज्यक युवा लोकनि कँ रोजगारक लेल पलायनक आवश्यकता नहि होयत। पटनाक श्रीकृष्ण मेमोरियल हॉल मे पार्टीक कार्यक्रम कँ संबोधित करैत श्री चौधरी कहलनि जे राज्य सरकार स्थानीय स्तर पर रोजगारक साधन आ अवसर उपलब्ध करयबा लेल कृत संकल्पित अछि। ओ कहलनि जे विभिन्न विभाग सभ मे पैघ स्तर पर नियुक्ति देल गेल अछि। श्री चौधरी कहलनि जे आबयबला दिन सभ मे आओर नियुक्ति सभ सेहो निकालल जायत।

———————————————————————————

राष्ट्रीय महिला आयोगक सदस्य ममता कुमारी बढ़ैत घरेलू हिंसा आ बढ़ैत साइबर अपराध पर गहिर चिंता व्यक्त कयलनि अछि। बिहार मे तीन दिवसीय दौराक दरमियान पटना मे पत्रकार लोकनि सँ गपशप करैत ओ कहलनि जे आयोग एहि मामिलाक निष्पादन लेल तेजी सँ प्रयास कऽ रहल अछि। ओ चौबीस जून के सीतामढ़ी आ पचीस जून के मोतिहारी मे **आयोग आपके द्वार** कार्यक्रमक जन सुनवाई करतीह।

———————————————————————————

राज्य निर्वाचन आयोग कहलक अछि जे त्रिस्तरीय पंचायती राज संस्थान सभ के दू हजार छओ सय चौंतीस रिक्त पदक लेल नओ जुलाई के उपचुनाव करायल जायत।

मतगणना एगारह जुलाई के होयत। आयोग विज्ञप्ति जारी कऽ जनौलक जे नामांकन भरबाक अंतिम तिथि बीस जून धरि दू हजार आठ सय छियानवे गोटे नामांकन कयलनि अछि। आयोग कहलक अछि जे शांतिपूर्ण आ भयमुक्त चुनावक लेल आयोग प्रतिबद्ध अछि।

---

दक्षिण–पश्चिम मॉनसूनक प्रभाव सँ प्रदेशक बेसीतर भाग सभ मे बरखाक सिलसिला जारी अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे आइ पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, किशनगंज आ अररिया जिला मे किछु ठाम भारी बरखाक आशंका अछि।

---

समाप्त